

Lwa Washington yo Konsènan Abi ak Neglijans kont Timoun



Dokiman sa a se pou founi edikasyon sou lwa ki esansyèl yo konsènan abi ak neglijans kont timoun nan Washington epi fè referans ak Revised Code of Washington (Kòd Revize Washington, RCW) lan ak Washington Administrative Code (Kòd Administratif Washington, WAC) lan.

Èske disiplin fizik se yon bon bagay?

Wi, disiplin fizik yon timoun, ansanm ak itilizasyon rezonab oswa pinisyon sou kò l, pa konsidere tankou yon abi oswa ilegal lè l rezonab epi modere epi se yon paran, pwofesè oswa gadyen ki enflije l nan objektif pou limite oswa korije timoun lan. Laj, dimansyon ak kondisyon timoun lan, ak anplasman tout domaj ki bay yo ta dwe konsidere nan detèmine si chòk kont kò an rezonab oswa modere. Lòt faktè gendwa gen ladan yo nivo devlopman timoun lan ak nati move konduit timoun lan. Kwayans yon paran ki fè konprann li nesesè pou pini yon timoun pa jistifye oswa otorize itilizasyon fòs ki depase, pa modere oswa derezonab kont timoun lan. Tout itilizasyon fòs sou yon timoun nepòt lòt moun fè ilegal amwenske li rezonab epi modere epi li otorize alavans bò kote paran oswa gadyen timoun lan nan objektif pou limite oswa korije timoun lan.

- RCW 9A.16.100: <https://apps.leg.wa.gov/RCW/default.aspx?cite=9A.16.100>
- WAC 110-30-0030: <https://apps.leg.wa.gov/WAC/default.aspx?cite=110-30-0030>

Kisa ki fòs fizik ki pa modere oswa derezonab epi yo konsidere abi fizik?

Abi fizik vle di enfliksyon domaj fizik oswa move tretman fizik ki pa aksidantèl sou yon timoun ki andomaje sante, byennèt oswa sekirite timoun lan. Li gendwa gen ladan l, men l pa limite ak, aksyon tankou:

- (a) Jete, choute, boule oswa kòche yon timoun;
 - (b) Frape yon timoun ak pwen ou ki fèmen;
 - (c) Sekwe yon timoun ki gen mwens pase twa lane;
 - (d) Jennen respirasyon yon timoun;
 - (e) Menase yon timoun ak yon zam ki ka tiye l; oswa
 - (f) Fè tout lòt zak ki gen chans pou lakoz epi ki rive lakoz domaj fizik ki pi gwo pase doulè ki pa rete oswa ti mak lejè ki tanporè oswa ki pote domaj kont sante, byennèt oswa sekirite timoun lan.
- RCW 9A.16.100: <https://apps.leg.wa.gov/RCW/default.aspx?cite=9A.16.100>
 - WAC 110-30-0030: <https://apps.leg.wa.gov/WAC/default.aspx?cite=110-30-0030>

Kisa yo konsidere abi seksyèl?

Abi seksyèl vle di komèt oswa otorize pou yo komèt nenpòt abi seksyèl kont yon timoun jan sa defini nan kòd kriminèl lan. Touche ak volonte ou, swa dirèkteman oswa nan abiman l, pati seksyèl oswa lòt pati entim yon timoun oswa otorize, pèmèt, fòse, ankoraje, ede oswa sinon lakoz yon timoun angaje nan touche pati seksyèl oswa lòt pati entim yon lòt moun nan objektif pou satisfè dezi seksyèl moun k ap touche timoun lan, timoun lan oswa yon tyès pati. Yon paran oswa gadyen yon timoun, yon moun paran oswa gadyen an otorize pou founi swen pou timoun pou timoun lan, oswa yon moun ki ap founi sèvis ki rekonèt sou plan medikal pou timoun lan, gendwa touche yon timoun nan pati seksyèl oswa lòt pati entim nan objektif pou founi ijyèn, swen pou timoun ak tretman medikal oswa dyagnostik.

WAC 110-30-0030: <https://apps.leg.wa.gov/WAC/default.aspx?cite=110-30-0030>



Washington State Department of
CHILDREN, YOUTH & FAMILIES



Kisa eksplwatasyon seksyèl ye?

Eksplwatasyon seksyèl gen ladan l, men l pa limite ak, trafik seksyèl ak eksplwatasyon seksyèl komèsyal jan lalwa defini tèm sa yo epi gen ladan l aksyon tankou otorize, fòse, ankouraje, ede oswa sinon lakoz yon timoun patisipe nan youn oswa plis nan sa ki suiv la:

- (a) Tout zak seksyèl lè yon moun bay oswa resevwa nenpòt bagay ki gen valè pou zak seksyèl lan;
- (b) Aktivite ki klè sou plan seksyèl, ki deplase oswa pònografik ki pou fotografye, filme oswa repwodui oubyen transmèt elektwonikman;
- (c) Aktivite ki klè sou plan seksyèl, ki deplase oswa pònografik nan kad yon pèfòmans andirèk oswa pou avantaj oswa satisfaksyon seksyèl yon lòt moun.

WAC 110-30-0030: <https://apps.leg.wa.gov/WAC/default.aspx?cite=110-30-0030>

Èske mwen ka kite timoun mwen an pou kò l ak yon delenkan seksyèl, menm pandan yon tan kout?

Non, kite yon timoun nan swen yon delenkan seksyèl se yon deli amwenske tribinal lan te antre yon òdonans ki otorize delenkan an pou gen kontak ki pa sipèvize ak timoun, oswa delenkan an otorize pou gen kontak ki pa sipèvize ak timoun lan nan kad yon plan reyinifikasyon familyal, yon tribinal, depatman penitansye, oswa department of social and health services (depatman sèvis sosyal ak sante yo) apwouve nan konfòmite ak politik depatman yo.

Yon moun koupab krim dèské ou kite yon timoun nan swen yon delenkan seksyèl si moun lan (a) se paran yon timoun; (b) yo konfyé l gad fizik yon timoun; oswa (c) ap travay pou founi nesesite debaz yo bay timoun lan epi li kite timoun lan nan swen oswa gad yon lòt moun ki pa yon paran, gadyen, oswa titè legal timoun lan, pandan l knownen moun lan anrejistre oswa gen obligasyon pou l anrejistre antanke yon delenkan seksyèl nan kad lwa Eta sa a, oswa yon lwa oubyen òdonans nan yon lòt jiridiksyon ki gen menm egzijans, akoz yon delenkans seksyèl kont yon timoun.

RCW 9A.42.110: <https://apps.leg.wa.gov/RCW/default.aspx?cite=9A.42.110>

Kisa yon tretman neglijan oswa move tretman ye?

Tretman neglijan oswa move tretman vle di yon zak oswa yon enkapasite pou aji, oswa efè kimilatif yon suit konduit, konpòtman oswa inaksyon, bò kote paran, titè legal, gadyen oswa moun k ap bay yon timoun swen ki montre yon mepri grav pou konsekans yo sou timoun lan epi kreye yon danje ki klè epi prezan kont sante, byennèt oswa sekirite timoun lan.

- (a) Lè yo ap konsidere si yon danje ki klè epi prezan egziste, prèv depandans yon paran ak dwòg antanke yon faktè ki kontribiye nan sa gendwa fè gwo pwa.
- (b) Akoz frè ak sè yo pataje yon menm chanm pa, nan li menm, yon tretman neglijan oswa move tretman.
- (c) Povrete, sanzabri oswa ekspozisyon ak vyolans domestik kont yon moun ki pa timoun lan pa, nan li menm, reprezante tretman neglijan oswa move tretman.
- (d) Yon timoun pa blije soufri domaj oswa chòk fizik oswa emosyonèl reyèl pou l nan sikostans ki kreye yon danje ki klè epi prezan kont sante, byennèt oswa sekirite timoun lan.
- (e) Tretman neglijan oswa move tretman gendwa gen ladan l, men l pa limite ak youn oswa plis nan sa ki suiv yo la:
 - (i) Enkapasite pou founi manje, abri, abiman, sipèvizon oswa swen sante ki awopriye pou sante, byennèt oswa sekirite yon timoun, pou enkapasite an montre yon mepri grav pou konsekans lan sou timoun lan epi kreye yon danje ki klè epi prezan kont sante, byennèt oswa sekirite timoun lan;
 - (ii) Aksyon, enkapiste pou aji oswa omisyon ki debouche sou domaj oswa risk pou domaj kont devlopman fizik, emosyonèl ak/oswa koyitif yon timoun, pou l montre yon mepri grav pou konsekans yo sou timoun lan epi kreye yon danje ki klè epi prezan kont sante, byennèt oswa sekirite timoun lan;
 - (iii) Efè kimilatif yon suit konduit, konpòtman oswa inaksyon yon paran oswa gadyen nan reponn ak bezwen fizik, emosyonèl oswa nan devlopman timoun lan, pou l montre yon mepri grav pou konsekans yo sou timoun lan epi kreye yon danje ki klè epi prezan kont sante, byennèt oswa sekirite timoun lan;
 - (iv) Efè enkapasite kwonik bò kote yon paran oswa gadyen pou reyalize fonksyon, obligasyon oswa devwa parantal debaz yo ki lakoz domaj oswa risk konsiderab pou domaj kont devlopman fizik, emosyonèl oswa koyitif timoun lan, pou l montre yon mepri grav pou konsekans yo sou timoun lan epi kreye yon danje ki klè epi prezan kont sante, byennèt oswa sekirite timoun lan.

WAC 110-30-0030: <https://apps.leg.wa.gov/WAC/default.aspx?cite=110-30-0030>